Дуккха а долу гIиллакх кIеззиг йолчу дикачу Iамалал гIоли ду, шеца кIеззиг гIиллакх долчу Iамалал а».

Бусалбанна там болуш ду къаьстина хилар шен хазаллица а, кхачаме хиларца а, сибатца а. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен цхьаболчу сийлахьчу асхьабашка аьлла:

«Шу шайн вежарий болчу доьлхуш ду. Шайн духарш хазделаш, шайн тIехуийлаш тоелаш. Шу хила нахана юкъахь тIеда санна, баккъал а, АллахI дезаш вац-кха маьттаза хIума а, маьттазавалар а.

*(Абу Дауда а, Ахьмада а, Хьакима а дийцина)*

Бусалба стагана там болуш ду билгалвалар хазачу духарца а, товш хиларца а, схьагучу сибатца а.

**ХIусамехь лелон деза гIиллакх**

Хьуо хIусам чуваьлча я цу чуьра араваьлча, неI шога дIа ма татталахь я хецций дIа а ма яхийталахь.

Бусалба динан кIедалла дIайоккхуш ду хьуна и.

Мелхо а, хьайн куьйга кIеда тIечIагIалахь.

Хьо хила мега Вайна Эла йолчу Iаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцинарг хезна Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дашах: «Баккъал а, кIедалла цхьана а хIуманехь хир яц, цо и хIума хаздиний бен.

Цхьана а хIуманера дIайоккхур яц, цо и эрчадаьккхина бен».

*(Муслима дийцина)*

***1аьрбийн маттера гочдинарг - Денилханов Сулиман***

**Денилханов Сулиман**

# Тешна хила Делан ницкъах...

Намруза цIерга кхоьссинчу ИбрахIимана цIе шелйина, маьрша йиначу, вагор а, Iовжор а доцуш, и хьалха ваьккхинчу Далла -

ИсмаьIална урс хьакха омра дина, Шен омрина ИбрахIим муьтIахь хилла, ИсмаьIал уьрсе ца хадавойтуш, ялсаманичуьра ка а беана, хьалхаваьккхинчу Далла –

Якъубах ваьккхина Юсуп гIу чу кхоьссина, цу чуьра хьалаваьккхича, Мисарахь лен суьртехь вохкийтина, питанах хьалхавоккхуш, набахти чувоьллина, набахтин боданах Мисарна олалла даларца хьалхаваьккхина, Юсуп а, Якъуб а цхьаьнатоьхначу Далла -

Лаьттан охIлано ша харцвича, Нухьа динчу доIина жоп делла, лаьттан букъа тIе хIорд хецна, дерриге а лаьттан керста охIла хи буха дахийтинчу Далла -

ФирIовно верах хьалхаваккха тIорказ чу а виллина, хIорда чу кхоьссина Муса шен нене юхавеллачу Далла -

Юнус хIорда чуьрачу чIеро кхаьллина, и чIара кхечу чIеро кхаьллина, шина чIеран а, хIордан а боданера, дилха ца лазош, даьIахк ца йохош, Юнус хьалхаваьккхинчу Далла -

Дауд-пайхамарна массо а хIуманал Ша чIагIдина долу и болат, цIе йоцуш, жIов йоцуш, цунна мал а дина, цунна муьтIахь динчу Далла -

Закарий, цуьнан хIусамнаний къаналлин чаккхене кхаьчча, гIелвелла, цо Шега доьзалхо вехча, цунна Яхьяпайхамар веллачу Далла -

Да воцуш Маремана Iийса велла, шен къоман харцонах и цIанъеш, аганара Iийса вистхилийтина, и цIена хилар сацийначу Далла -

Халкъийн Эла волу Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьехахь волуш, и вен аьлла, тIеккхиъначу орцанах, гезган маша буьйцина, хьехахь и хьалхаваьккхинчу Далла -

Мухьаммад шен цIийнан наха вен хьовзийча, цунна Мединат елла, Мединатехь ансараш белла, юха толамца Макки чу Шен Элча ваийтинчу Далла -

Хала дац ахь доьхург...
Гена дац цунна жоп дала.
Тешна хила жоп лург хиларх.
Жоп дала ницкъ кхочуш хьайн Дела хиларх...

**Муталаева Малика**

# Доьзалш боха ца лаар-кха!

Эзарнаш шерашкахь схьадеана нохчийн халкъ, гIиллакх, оьздангалла боху синмехаллаш ларъеш. ХIора а доьзалхочунна аларца, леларца шайгара масал гойтуш да-нана хилар бахьана долуш ларъелла уьш.

Цундела тахана вайна юкъахь, яхь а, юьхь а цахилар сов, оцу дешнийн маьIна ца девзаш нах гучубовлар - халкъана бокха эшам бу.

«Малх хьаьжначу дийнахь а, стогар латабай де захало», – аьлла кица ду вайн халкъан. Ши бIаьрг беллий, хьекъалца, кхетамца харжа кIантана а, йоIана а захало. Ши бIаьрг беллий, къастае кIантана яло йоI, йоIана маре яха кIант а бохург ду и.

Иштта кхин цхьа кица а ду: «Юьгург стаг велахь, тIулга тIехь а кхоллалур ду къоначаьрга шайн ирс, ткъа юьгург стаг вацахь, дуьне цуьнан долахь делахь а хайра долуш охьа а ховшур бац уьш».

Хууш ма-хиллара, доьзал - иза стеган а, тайпанан а, туркхаман а, къоман а доь ца дойтуш хIу даржор боху кIорггера маьIна долуш дош ду. Ткъа и хIу шайна беркате, халкъана пайдехь хилийта гIерташ, къахьоьгуш ду цунна куьгбехке долу да а, нана а. Цундела и доьзал кхуллуш волчу кIантана а, йоIана а йовза еза шаьшшиъ вовшахкхетаран коьрта Iалашо, диц дан ца деза мел жоьпаллин дукъ ду цара шайна тIелоцуш дерг.

Дена а, нанна а шайна тIехь долу декхарш девзаш, уьш кхочушдеш хилча, цхьанне а бала а, я хьовзам а ца хуьлуш хьалакхуьу, вай ма-аллара, гIиллакх-гIуллакх долуш, оьзда, беркате доьзал.

Амма, халахеташ делахь а, де-дийне мел долу алсамбуьйлуш бу шаьш доьзал кхолларан Iалашо йицйина зударий а, божарий а. Дукхахьолахь, церан доьзалхой бу тахана, тIехь Iуналла деш стаг ца хиларе терра, баьржина хиларал сов, нахана зуламе буьйлурш.

Доккха а, деза а, ахьа ойла йича, шен маьIнин йист йоцу кIорге йолуш дош ду цIийнана бохург. ХIунда аьлча, иза стеган агIо, кхерчан беркат, дахаран йовхо, доьзалан ийман меттахь латтош йолу гIортор ю. Цундела олуш ду, стаг галваьлча - цхьа стаг бен ца волу, ткъа зуда галъяьлча - дийнна къам! Иштта яхь йолу наной вайна юкъахь алссам хилла хиларна ду вайн халкъ ца довш схьадогIуш.

Доьзал болор берийн ловзар дац. Цундела, нохчашлахь хьалха дуьйна доьзал гуттаренна а кхуллуш хилла. Иза Дала адамийн дахар кхиийта хьаналдина ирс, я церан кхоллам бу. Тахана иштта Дала шайна биначу аьттонна хама, пусар цадарна АллахIа оьгIазло йиначарех буй-те и баьржина лела нах, олий, хаттар а кхоллало.

Нагахь вай, цIарна а доцуш, баккъал а вайн дайша цIийца яздина оьзда гIиллакхаш а, къонахийн гIуллакхаш а, сий долу ламасташ а дахийта Iалашонца арадевллехь, уггаре а хьалха доьзал кхуллуш захало тидаме эца деза, ткъа иза кхоллабеллачул тIаьхьа церан барт хуьлу агIонаш лаха еза.

**Ражапов Анзор**

# Шеларчу Даьмбекан Iелин кехат

Шеларчу Даьмбекан Iелас дуьйцура хIара:

«Вай Сибрех дIадохош, цхьайтта доьзалхо эцна, дIавахара со. Тхо дIакхаьчча, бIаьсте яла йолаеллера. Дукха хан ялале, и цхьайтте а доьзалхо дIакхелхира сан. ТIаьххьара цхьа йоI, цхьа кIант дисинчу хенахь, Iелин тIаьхье дIахада йоллу аьлла, кхерабеллачу наха (дешна нах а бара царна юккъехь) цу висинчу кIантана Киргиз аьлла цIе тиллира.

Оцу шина берах, йоI яла а елла, иза кешнашка дIаэцна тхо доьлхуш, тоьли хьалха, могуш воцаш волу, халла ловза гIерташ, гIамара юккъе гIаж Iуьттуш, Iаш хилла кIант, йоI дIа а йоьллина, тхо кешнашкара юхадаьхкича, цу тоьли хьалха, ша ловзуш Iийнначохь, вала а велла, Iуьллуш карийра тхуна. Юха и кIант дIавоьлланчул тIаьхьа, наха кхаа дийнахьбусий Дела хьехийра.

Уьш шайн-шайн цIа бирзинчу хенахь, хIара дуьне тIарал гатделира суний, сан хIусамнанний. Цул тIаьхьа, сайн сингаттам байбан гIерташ, дикачу нехан Iаьнаре ладоьгIуш, кехат яздеш, сайга деана кехат доьшуш, гIайгIа а, бала а дIабаларе сатуьйсуш, болх бора ас.

Со, торф доккхуш, шахтехь балхахь вара. Цигахь волу дела, наха сох Торпера Iела олура.

ЦIера Закан-Юьртара а волуш, тайпана нижало а волуш, шен доттагI Iабдул-Хьалим мичахь ву а хиъна, цуьнга кехат яздира ас:

«Ассаламу Iалайкум, сан доттагI Iабдул-Хьалим! Маршаллица кехат яздо хьоьга хьан доттагIчо Iелас. Хоуьйту, тхьш могаш хилар а, маьрша хилар а. Сан а, сан хIусамненан а чохь лелош цхьайтта олхазар дара, и цхьайтте а олхазар «килетки» неI схьа а еллаелла, тIемадаьлла, дIа а дахана, цхьалха дисина тхойшиъ».

И Iабдул-Хьалим шел дуккха а жима вара олура Iелас, делахь а, гIиллакх хилла-кх царна юккъехь лелларг.

«Сан кехат деша а дешна, вукху агIор дерзийна, яздира соьга Iабдул-Хьалима:

«Ва Iалайкум ассалам, сан доттагI Iела! Хьан кехат схьаккхаьчча, дагна хилла там, и доьшуш чекхдолуш, белхаре бирзи тхан. Хьан доьзал кхалхаро дог делхийна гIийла. Дала собар лойла шуна, Iела! Вайн доьзал, даьхни дуьненан – хазна ю, Iуьйранна, суьйранна дай-наний Iехош. Вайн Делан некъаша вай дIасахьийзош ду, собарца ял яккха ашшимма, Iела. И доьзал шайна белларг мила ву ойла е, цуьнца шаьшшиъ декъалхиларе хьажа. ТIаьхьарчу денна ашшимма чIогIа ойла йича, мел йоккха хазна ю-кха шуьшингахь, Iела. Торпера Iела, ахь сема ладогIа, пайдечу некъашна аьчка гур богIа. ТIаккха ахь доккхур ду ялсаманин догIа, мел хаза цIа ду иза, сан ваша Iела. Элчанан ИбрахIим кхалхийна Дала, цуьнан Къасим, IабдуллахI кхалхийна Дала. КIант воцуш вайн Элча витира Дала, цуьнан ойла е ашшимма, Iела.Уьш кхалхар Элчанна пайдехь ца хиллехь, царна велхар Элчанна санехь ца хиллехь, велхор вацара Дала Шен Элча. Цуьнан ойла е ашшимма, Iела. ВаллахIи, Киргизал хьуна ял ма тоьла, Киргизана, хьо Iелел а, вайн Дела ма тоьла. Дуьненал ялсаманин эзар дакъа ма тоьла, хIара бакъо ю хьуна, сан ваша Iела. И Дела реза хилла доккха собар шуьшиннан дагна лойла!».

«Иштта суна дуьхьал кехат яздира соьга сан доттагIчо Iабдул-Хьалима. Цунах синтем хилира суна, са паргIатделира сан», – олий, дуьйцура Даьмбекан Iелас.

# 1АЬРБИЙН ХЬЕКЪАЛЕРА

Цхьа стаг хилла бIаьрмециг, вон амал йолуш. Цхьанна а везаш ца хилла и, цо дечу зуламашна балхамаш беш, цуьнан вон амалх воьллачу жимчахьлера цхьа доттагI воцучунна.

Цхьана дийнахь шен хьайбана (говрахь) а хиъна, ваханчуьра цIавогIуш, шен доттагI волчохь хIума кхоллуш садаIа сецна БIаьрмециг.

ЦIеххьана ша волчуьра хьалаикккхина, хьераваьлча санна, диттана уллехь садоIуш сецначохь 30 дашо ахча долуш бохча дисна шен бохуш, мохь хьоьккхуш хилла цо.

ШолгIачу дийнахь Iуьйранна доттагIчун йоI чуеана хилла. Шен дега: «Дада, ас хьайн къеллах хьалхавоккхур ву хьо» - олуш, дешех дуьзна бохча дIагайтина хилла цо.

ЙоIера бохча схьа а эцна, сихвелла шен доттагIчуьнга хаза кхаъ баккха вахара йоьIан да.

ХIокхуьнгара бохча схьа а эцна, кху чохь 30 деши бен дац, ткъа хила дезарг 40 деши ду, аьлла доттагIчо. Ша хIара гIуллакх шахьаран къедане дIадалхо воьду, хьан йоIа лачкъийна сан деши, бохуш, оьгIазъоьхуш хилла и.

Цуьнга ла а доьгIна, хьаьттира къедас, хьо тешна вуй цу чохь ахь боху деши хиларна, 30 а доцуш, аьлла.

Ву аьлла, жоп делира цо.

«Делахь хьо дIаваха мегар ду. Оцу цIеначу йоIана карийнарг хьан бохча дац, цундела и ахча цу йоIехь дуьсур ду. Чохь 40 деши долуш цхьанна хьан бохча карадахь, оха хаам бийр бу хьоьга», - иштта кхиэл йира къедас.

БIаьрмециг мохь хьекха хIоьттира, и ду сан бохча, царна и карорна совгIат цадархьама йийцинера ас харцо, сан бохча схьалахьара ахь, бохуш.

Делахь а къедас, и араваккха аьлла, омра дира, цо дуьйцург тергал ца деш.

***1аьрбийн маттера гочдинарг - Тимералиев Ахьмад***

***Ойланийн суйнаш***

Ша цхьанна вон болх бина хазахетарал а тамашийна ду, ша цхьанна дика болх бина дохковалар.

***Денилханов Сулиман***

# МАСАЛЕ ДИЙЦАР

Паччахьа шен наибе хьаттина:

- Шен долахь цхьа а хIума доцу сан лай сол а дахарх самукъадолуш ма го суна? Ткъа со паччахь ву, суна мел оьшург сан долахь ду, хIетте а сингаттаме ву со.

Наиба аьлла:

- 99 хIуманца таллахь и.

- ХIун ду и 99?

Наиба хьийхира:

- Бохчи чу 99 динар а диллий, I00 динар совгIатна ду хьуна алий тIе а яздай, и бохча цуьнан неIаре диллий, неI тохий, цо хIун до хьажахьа...

Наиба бохург дина, шен лено хIун до хьажа, терго ян хIоьттира паччахь.

НеI тухуш хезна, арахьаьжначу лена бохча гира, дагардича, цхьа динар оьшуш карийна, новкъахь доьжна хир ду и аьлла, шен доьзалца и динар лаха хIоьттира и. Динар лоьхуш дIаелира ерриге а буьйса, оьгIазавахара да, шен доьзалца кIоршаме велира.

ШолгIачу дийнахь догдоьхна вара лай, ерриге а буьйса наб яза яханера. Паччахь волчу дIакхаьчча, сингаттаме, синтемза, юьхь оьгIазе йолуш, хьалха санна велавелла воцуш вара.

Эццахь кхийтира паччахь 99 бохучун маьIнех...

***1аьрбийн маттера гочдинарг - Тимералиев Ахьмад***

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

№ 14 (391)
Исламан зIаьнарш أشعّة الإسلام
Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»
Дала бакъо толайойла! Кадыров А.-Х.

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

Мустаев Р.

# МЕХКАРШНА ЛЕРИНА ХЬУЬЖАР



Хьалха-Мартан кIоштан ГIойтIахь кхиамца болх бо Нохчийн Республикин Хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIарахчу хьуьжаро.

Кху хьуьжарехь бусалба динан баххаш Iамош дерш зудабераш ду. Ийманехь-исламехь доьзал кхион безачу мехкаршна и хаарш далар чIогIа мехала гIуллакх ду. Ислам дино даим а къобалдина зударша Iилма Iамор, цу декъехь шариIато къестамаш ца бо зударшна а, божаршна а юкъахь. «Iилма лахар хIора а бусалба стеган декхар ду», – боху хьадисо.

Цундела хазахета мехкаршна лерина хьуьжар хилар а, дешархой боцуш иза цайисар а.

# 34 СПОСОБА СДЕЛАТЬ ЖЕНУ СЧАСТЛИВОЙ

Посланник Аллаха (мир ему) сказал, что лучшим из мужчин является тот, кто лучше всего относится к своей жене. Получается, что отношения мужей к женам являются средством достижения довольства Всевышнего Аллаха и показателем их веры. Разве не прекрасна религия, которая сделала доброе отношение к женам предписанием для обретения довольства Аллаха, и как повезло мусульманкам! Каждый муж-мусульманин, который искренне стремится к довольству Всевышнего Аллаха и ищет пути к Его милости, старается изо дня в день делать свою жену счастливой, а счастье женщины заключается в следующих вещах:

1) Давать ей чувство безопасности, защищать, оберегать и избегать агрессивности по отношению к ней;

2) Приветствовать ее и улыбаться при встрече. Это не дает шайтану войти в ваш дом и чинить разлад в ваших отношениях;

3) Доброе, мягкое и бережное отношение являются очень важными по отношению к женам;

4) Когда муж советует или делает какие-либо замечания своей жене, он должен делать это наедине и мягко;

5) Проявлять щедрость по отношению к ней;

6) Не злиться на свою жену. Как это сделать? Старайтесь поддерживать себя в состоянии омовения. Посланник Аллаха (мир ему) сказал, что если человек гневается, он должен сесть, потом лечь и сделать омовение;

7) Хорошо выглядеть и пахнуть для своей жены. Это укрепит ее любовь по отношению к вам;

8) Избегать жесткости и грубости. В хадисе сказано: «Женщина создана из ребра, а ребро искривлено сверху. Если ты захочешь выпрямить его, то сломаешь, а если оставишь в покое, то оно останется искривленным. Обходитесь с женщинами хорошо»;

> Хвалить, не ругать. Постоянные споры и ругань в браке разрушают его. Однажды праведник сказал: «Когда Всевышний желает зла для людей, Он оставит их спорить между собой».

9) Уметь выслушивать свою жену, ее мысли, опасения и идеи;

10) Хвалить, не ругать. Постоянные споры и ругань в браке разрушают его. Однажды праведник сказал: «Когда Всевышний желает зла для людей, Он оставит их спорить между собой»;

11) Пророк Мухаммад (мир ему) говорил называть жену красивыми именами, которые ей нравятся. Пророк, обращаясь к своей жене Аише, звал ее ласково: «Йа Аиш», а иногда называл ее «Румяная»;

12) Дарить ей подарки, делать мелкие сюрпризы. Это покажет ваше желание ее радовать и сделает счастливой;

13) Следите за тем, что вы говорите. Пророк Мухаммад (мир ему) сказал, что язык приведет человека в ад, поэтому следите за тем, какие слова вы произносите в адрес своей жены;

14) Каждый из нас несовершенен. Умейте принимать недостатки вашей жены, Аллах ниспошлет баракат в ваш брак;

15) Старайтесь показывать, что вы цените свою жену;

16) Поощряйте ее в укреплении родственных отношений с родителями и близкими;

17) Хвалите ее перед ее родственниками;

18) Не подозревайте, не обвиняйте свою жену. Думайте о ней только благое;

19) Не замечайте некоторых ее ошибок и недостатков, делайте вид, что вы этого не увидели или не услышали;

20) Старайтесь проявлять терпение по отношение к ней, особенно в период беременности;

21) Не ругайте ее за ревность – это естественно. Даже Аиша ревновала Пророка (мир ему);

22) Будьте смиренны, не ставьте себя выше ее, не дайте ей почувствовать себя униженной;

23) Не ставьте своих друзей выше ее;

> Поощряйте ее в укреплении родственных отношений с родителями и близкими.

24) Помогайте жене по дому. Пророк Мухаммад (мир ему) помогал своим женам по дому;

25) Говорите своей жене, что она самая лучшая. Женщины любят ушами;

26) Совершайте дуа для своих жен. Единственный, кто может даровать вам любовь и взаимопонимание – это Всевышний. Дуа увеличит вашу любовь и защитит ваш брак от дурного;

27) Не напоминайте жене о прошлых ошибках, тогда вы будете для жены тем, кто причиняет боль и заставляет чувствовать себя виноватой. Оставьте прошлое Аллаху;

28) Защищайте жену от зла шайтана и людей;

29) Поддерживайте ее интересы и увлечения. Не будьте пренебрежительны к тому, чем занимается ваша жена, поддерживайте ее во всем благом и не чините препятствия;

30) Будьте хорошим отцом, это самый лучший способ завоевать любовь жены. Будьте заботливы, добры по отношению к детям, проводите с ними много времени и принимайте участие в их воспитании;

31) Не оставляйте ее одну в моменты трудностей и печали;

32) Сохраните сакральность вашей семьи, пусть то, что происходит между вами и в вашем доме, остается только между вами;

33) Поощряйте друг друга к поклонению. Молитесь вместе, читайте вместе Коран. Это увеличивает любовь и укрепляет отношения;

34) Делитесь с женой своими мыслями, идеями и желаниями, а не ставьте ее перед фактом. Стройте планы на будущее вместе. Даже если вы являетесь главой семьи, вам следует обсуждать все семейные дела вместе, и принимать решение, выслушав ее мнение.

Пусть Аллах заполнит наши дома и сердца спокойствием, любовью и милосердием!

***Islam-Today***

Рамзанов М.

# ПIЕРАСКАН ДИЙНАН ЛЕРАМ БЕШ...

Бусалба нехан дезде ду пIераскан де. Цу дийнан хьакъболу лерам бар тIехь ду хIора а бусалба стагана.

ПIераскан дийнан хазачу гIиллакхех ду сагIа далар а, дика гIуллакхаш дар а.

Вайх хIора а ву Делера ял хиларе а, Делан къинхетаме а догдохуш.

Дукха ду Дела резаван некъаш а. Амма дуьненан дахарна саьхьарадевллачу вайн хан ца хуьлу цу некъийн ойла ян, цхьадолу хIума тIаьхьа а теттина, вай эхартана ял яккха хьаьвсича, вайна и эзарза пайде хирг хиларх кхета а.

Делахь а, дукха карабо вайна юкъахь хазачу гIиллакхашца Делан новкъахь нисбала къахьоьгурш. Царах ву «МI» цIе йолчу ягориг юххучу станцин куьйгалхо Музаев Тимур.

ПIераскан дийнахь къаьсттина дукха машенаш го цо куьйгалла дечу станци хьалха – дукха хуьлу цу дийнахь шайн машенашна ягориг кхузахь эца лууш берш. Цунна бахьана пIераскан дийнахь кхузахь бензин механа дорах хилар ду.

Доккха хIума а ма дац и аьлла хетадала тарло, амма иштта кегийчу гIуллакхашца хIорамма а шен ницкъ кхочург дича, бусалба умматан Iар-дахар а аттачу дер дара, эхартна ял а хир яра.

Дала аьтто бойла хьан, Тимур! Дала беркат дойла хьуна айхьа мел лелочух! Делан дуьхьа динарг цкъа а довр дац хьан!




## ДIахьош ду«Исламан зIаьнаршка» яздалар!

**Ткъе ялх шо ду «Исламан зIаьнарш» цIе йолу бусалба динан газет вайца долу. Газето вайна довзуьйту динан баххаш, парзаш, суннаташ, вайн эвлаяийн дахар, дуьйцу вайн хаза гIиллакхаш, ламасташ…**

**Иштта, газетан агIонаш тIехь довза йиш ю вайн махкахь дехачу сийлахьчу, дикачу адамийн хаза гIиллакхаш а, церан дика масалш а…**

**Вайх хIораннан а таро ю «Исламан зIаьнаршца» гергарло таса, цунах дагадовла, цуьнга дагара дийца…**

**Язде «Исламан зIаьнаршка», язло «Исламан зIаьнаршка»!**

**Газете язваларан мах – эхашарна кхо бIе кхузткъа сом (360 сом), шарна – ворхI бIе ткъа сом, (720 сом)…**

*Малхбален дийцарш*

# Iожаллех вадалур вац

Цхьа хьалдолу стаг хилла шен ялхочуьнца цхьаьна бешахула волалуш. ЦIеххьана и ялхо кхеравелла, дехар дан воьлла, шена Iожалла ги, цо шена кхерам а теси, уггаре а маса говр лахьара шена, сарахь Тегеранехь хирриг, цуьнца новкъа вер вара ша бохуш.

Хьоладас цуьнан дехар кхочуш а дина, ялхо дукха сиха новкъа ваьлла.

ЦIа вогIучу хьоладена а гина Iожалла. Хьаттина цо:

– Сан ялхо хIунда кхерий ахь? Цунна кхерамаш туьйсуш ма хилла хьо?

Ас-м ца кхерийна и, – жоп делла Iожалло, – мелхо а, а цунах цецъяьлла ю-кх со, тховса сарахь Тегеранехь цуьнца цхьаьнакхета езаш йолу, и хIинца а кхузахь хиларх ца кхеташ…

***Гочдинарг – Петирова ПетIамат***

*Нохчийн кхерчахь*

# Хазахета-кх...

Хьере хилла адам санна, цхьанхьа хахкаделла доьдучу дуьненаца бала а боцуш санна, шайн дахарца еха-кх лаьмнийн ярташ!

Кхузахь хIинца а деха хуьлу денош, куьг кхочехь хеталучу стиглахь къеггина лепачу седарчашца хазлой йогIу буьйсанаш а.

Хьо хIинцца ловзучуьра сехьа а ваьлла, юха а ловза араваьлча санна, хийцадалаза, хьан бераллера ду берийн ловзарш а. Иштта хийцадалаза ду баккхийчийн хьехарш а, девнаш а, хьестарш а...

Iар-дахаран кеп мелла а аттачу яьллехь а, хIоттам хьалхалерра бу, гIиллакхаш а тохарлерра...марзонаш а хIетахьлерра...

Динах, гIиллакхах болу хьехамаш а, межлисашкара дIасабоьхча, шайн доьзалшна до хьехарш а хийцадалаза.

Хазахета-кх, мел вай сагатдахь а, сагатдан хьан бахьанаш дуккха а делахь а, и анташ къоман амал йоцуш, вайн къоман бакъйолу юьхь нохчийн ярташкахь ган йиш йолуш а!

***Петирова ПетIамат***

# БIе къаночун – бIе хьехам

Ларамe газетдешархой! Оха кхидIа хьо «БIе къаночун - бIе хьехам» цIе йолу рубрика. Вайн къаной шайгахь хьекъал долуш а, шайх эца масал долуш а бу. Цара дуьйцуш шайна хезнарг, шаьш ойлане даьхнарг, дахарехь шайна пайде хир долу хIума аша яздина, схьадаийтича, оха зорбане доккхур ду. Цунах тхуна а, вайн газетдешархошна а боккха кхаъ хир бу. Язде тхоьга! Йовзийта вайн къоман гIиллакхийн хазна «Исламан зIаьнаршна» а, вайн дешархошна а!

Йозанаш схьатаса аьтто бу тхан интернет-почтин адрес тIе:

**zori_islama@mail.ru**

# Къанойн хьекъал

Тхан дeнанас Маьлхастарчу Хьуьнаркан Бойсхаран йоIа Сархас олура: «ТIаме цавахнарг – майра хилла, кхиэле цахиънарг – говза хилла».

«Дохнан дикалла – дерстина хилар ю, нехан дикалла –дукха хилар ю».

«Цхьана кхеранах (тIулгах) гIала ца йоьттина».

1905-чу шарахь дуьненчу яьлла, 1990-чу шарахь кхелхина Сарха.

***Бехоева Луиза***

# Ламазан хенаш (Июль)

| денош | фаджр | Iаср | магриб | Iишаъ |
|---|---|---|---|---|
| 15 | 02:51 | 16:15 | 19:40 | 21:24 |
| 16 | 02:51 | 16:15 | 19:39 | 21:23 |
| 17 | 02:52 | 16:15 | 19:39 | 21:22 |
| 18 | 02:54 | 16:14 | 19:38 | 21:21 |
| 19 | 02:55 | 16:13 | 19:37 | 21:20 |
| 20 | 02:57 | 16:13 | 19:37 | 21:18 |
| 21 | 02:58 | 16:13 | 19:36 | 21:17 |
| 22 | 03:00 | 16:13 | 19:35 | 21:15 |
| 23 | 03:01 | 16:12 | 19:34 | 21:15 |
| 24 | 03:03 | 16:11 | 19:33 | 21:13 |
| 25 | 03:04 | 16:11 | 19:32 | 21:11 |
| 26 | 03:06 | 16:10 | 19:31 | 21:10 |
| 27 | 03:07 | 16:09 | 19:30 | 21:08 |
| 28 | 03:09 | 16:08 | 19:29 | 21:06 |
| 29 | 03:10 | 16:08 | 19:28 | 21:05 |
| 30 | 03:12 | 16:08 | 19:27 | 21:03 |
| 31 | 03:13 | 16:08 | 19:26 | 21:02 |

**Ларамe газетдешархой, дIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете язвалар. Газетан индекс: 54 928**

Исламан зIаьнарш أشعّة الإسلام
ГУ «Республиканская газета «Зори Ислама»
Газетан бух биллинарг
Заурбеков МасIуд
Коьрта редактор
Заурбеков М.М.

Газет диллинарг/арахоьцург:
НР-н къоман политикин,арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство
Министерствон адрес: 364060, ЧР,Соьлжа-ГIала, Дудаевн цIарах бульвар,радион ЦIа
Редакцин адрес: 364014, Соьлжа-ГIала, Маяковскийн урам, 92
Телефон: 8-928-088-85-50
Тхан интернет-почта: zori_islama@mail.ru
Редакцин сайт: www. zori-islama.com
Газетан индекс: 54 928

Газетан верас
Кадыров Хож-Ахьмад-хьаьжа
Газетна регистраци йина зIенан, хаамийн технологийн, шуьйрачу коммуникацийн декъехь терго латторехула йолчу Россин Федерацин Нохчийн Республикехула йолчу федеральни служба 2015-чу шеран I-чу декабрехь
Регистрацин хьокъехь долу тоьшалла
ПИ № ТУ 20-00110

Редакцин кхеташо:
М. Заурбеков – коьрта редактор
С.Межиев – НР-н муфти,
Х-А. Кадыров – Къилбаседа Кавказан Iелимнехан кхеташонан куьйгалхо,
М. Д. Заурбеков, С. Муртазаев,
П. Петирова, Л. Арсалиева
Ответственная за выпуск – П.Р.Петирова
Арадолу нохчийн, оьрсийн меттанашкахь баттахь шозза, еариденошкахь

Тираж - 3000. Зорбанна куьг яздан деза хан 19.07.2017 шо. 15:00.
Зорбанна куьг яздина хан 19.07.2017 шо. 16:00
Заказ №
Зорбатоьхна ГУП ИПК «Грозненский рабочий» типографехь. Типографин адрес: 364021, Соьлжа-ГIала, Интернациональни урам, 12/35
БИННА МАХ